Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN YON PWOJÈ 24.5 MILYON DOLA POU RANPLASE DE PON KI KONEKTE INTERSTATE 84 AK INTERSTATE 684

Nouvo pon yo ap pèmèt trafik la sikile pi byen nan gwo sant transpò piblik yo, diminye polisyon bri epi diminye depans antretyen alavni yo

Pwojè a pral amelyore sekirite, amelyore sikilasyon trafik epi konstwi yon enfrastrikti ki pi rezistan sou koneksyon enpòtan Hudson Valley a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay ap dewoule sou yon pwojè 24.5 milyon dola pou ranplase de pon ki gen 59 an sou ranp ki soti nan Interstate 84 ki ale nan direksyon lwès pou rive nan Interstate 684 ki ale nan direksyon sid nan Vil Southeast, nan konte Putnam. Pwojè a pral ranplase estrikti ki fin vye yo ak pon ki pi laj ak pi rezistan ki pral amelyore sekirite epi asire vwayaj san pwoblèm sou pòtay enpòtan sa a ki konekte New England ak pati sid Hudson Valley. Anplis de sa, yo pral itilize pratik enjenyeri ki respekte anviwònman an pou ranfòse dirabilite epi pwoteje ekosistèm lokal yo.

"Pwojè sa a se yon lòt egzanp angajman kontinyèl nou pou fè envestisman nan enfrastrikti esansyèl nan tout Hudson Valley ki konsantre sou bezwen kominote nou yo, fè ekonomi nou avanse, epi amelyore kalite lavi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou ranplase pon demode sa yo, n ap modènize yon kafou enpòtan ke Nouyòkè yo depann sou li chak jou, pou asire ke moun ak machandiz yo rete an mouvman epi ke kominote nou yo kontinye grandi ak pwospere."

Travay la gen ladan ranplasman de pon — youn sou Interstate 84 la ak lòt la sou Interstate 684 la. Nouvo pon yo pral pèmèt ranp ki pi efikas, ki pi laj ak plis lajè sou akotman yo pou bay espas pou machin ijans yo epi pou satisfè estanda sekirite federal yo. Nouvo pon yo pral gen tou 5 mèt (16 pye, uit pous) wotè — pi wo pase estrikti orijinal yo — sa ki pèmèt li satisfè dènye estanda entè-eta yo epi diminye risk pou frape pon an.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pandan Depatman Transpò (Department of Transportatio, DOT) a ap planifye epi konstwi pou lavni, n ap itilize tout zouti ki nan bwat zouti a pou ankouraje inovasyon epi kreye estrikti ki pi rezistan ki modènize rezo transpò Nouyòk la tout pandan y ap kreye yon anviwònman ki pi dirab pou nou tout. Pwojè sa yo montre angajman fèm ak istorik

Gouvènè Hochul pou envesti nan enfrastrikti transpò isit la nan Hudson Valley ak nan tout Eta Nouyòk."

Kòm yon pati nan angajman Depatman an anvè jesyon anviwònmantal, yo pral enstale sou ranp yo senk kanal vejetasyon ekolojik, ki se kanal peyizaj ki gen yon pant dous ak yon vejetasyon dans, pou jere dlo lapli k ap koule, tcheke sediman, filtre polisyon, epi pèmèt dlo penetre natirèlman nan tè a. Anplis de sa, kanal yo pral diminye ekoulman dlo a sou liy trafik yo pandan tanpèt yo, sa ki pral diminye risk pou wout yo fèmen epi pwoteje fondasyon pon yo kont ewozyon alontèm. Nouvo travès la pral gen tabliye pon san jwenti pou diminye polisyon bri, diminye depans antretyen alontèm epi kreye yon sifas pou woule ki pi lis. Yo pral itilize asfalt melanje cho, epi y ap resikle lòt materyèl ki sou plas yo epi itilize ankò jan sa aplikab.

Pandan konstriksyon an ap dewoule, chofè yo ta dwe atann itilizasyon ranp lan kontinyèl ak travay gradyèl ak chanjman liy. Vwayajè sou Interstate 84 ak Interstate 684 yo ta dwe atann plizyè fèmti lannwit pou travay demolisyon. Yo prevwa fini pon ki sou Interstate 684 la an 2027 epi yo prevwa fini pon ki sou Interstate 84 la an 2028.

Senatè Etazini Charles Schumer te deklare, "Pon ki konekte I-84 nan direksyon lwès ak I-684 nan direksyon sid se koneksyon esansyèl ant Hudson Valley ak New England. Mwen te fyè pou m te delivre plis pase 22 milyon dola nan Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilatral mwen an pou ranplase pon demode sa yo pou pèp Konte Putnam nan. Nouvo pon modèn yo pral ranfòse rezistans epi asire vwayaj ki pi fasil e pi an sekirite sou pòtay enpòtan sa a, tout pandan y ap kreye travay konstriksyon ki byen peye. Mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul la ki fè li byen itilize lajan federal yo, pou l ouvri chemen pou yon avni ki pi an sekirite nan Hudson Valley la."

Senatè Eta Pete Harckham te deklare, "Kenbe enfrastrikti enpòtan yo, tankou wout ak pon nou yo, se yon pi gwo priyorite pou mwen, pandan n ap kontinye travay pou ranfòse ekonomi Nouyòk la. Pwojè ranplasman pon an nan entèseksyon I-84 ak I-684 la vrèman nesesè epi l ap elimine yon pwoblèm blokaj trafik. Mwen apresye Gouvènè Hochul, kòlèg mwen yo nan Lejislati Eta a ak Depatman Transpò a paske yo rete angaje anvè sekirite transpò ak kwasans ekonomik alavni nou an."

Chèf Egzekitif Konte Putnam lan, Kevin Byrne, te deklare, "Wout ak pon nou yo plis pase pave ak asye. Yo se koneksyon ki konekte fanmi nan Konte Putnam yo ak lekòl nou yo, lopital nou yo, pak nou yo, biznis nou yo, ak tout lòt bagay ki fè lavi isit la posib. Yo mennen vizitè nan Hudson Valley, sipòte devlopman ekonomik, epi bay moun konfyans pou envesti nan Nouyòk. Nan nivo konte a, nou te travay di pou nou kenbe epi amelyore enfrastrikti lokal nou an, epi mwen fyè ke Konte Putnam aktyèlman rapòte zewo pon ki sou lis wouj. An menm tan, Interstate 84 ak Interstate 684 rete koridò enpòtan pou rezidan nou yo, moun k ap vwayaje al travay yo, ak ekonomi lokal la. Mwen apresye Gouvènè Hochul, Lejislatè Eta nou yo, ak Depatman Transpò Eta a pou angajman yo nan ranplase enfrastrikti ki aje yo, amelyore sekirite ak fyabilite, epi asire wout sa yo ki gen anpil trafik kontinye sèvi rejyon nou an pou plizyè deseni k ap vini yo."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò
Se misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti ak mete nou sou kote pou travayè otowout yo.

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou Facebook, swiv nou sou X oswa Instagram, oswa vizite sitwèb nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.